

Vaksen COVID-19 Massachusetts pou Moun ki gen 65kan oswa Pi Gran



Koumanse 18 fevriye 2021, moun ki gen 65kan oswa pi gran ap elijib pou resevwa vaksen COVID-19 la nan Massachusetts. Vaksen COVID-19 la san danje epi gratis ticheri.

Kilè mwen ka vaksinen?

Vaksinasyon pou moun ki gen 65kan oswa pi gran pral kòmanse nan dat 18 fevriye 2021 epi kontinye pandan tout rès peryòd livè, rive nan peryòd prentan ak lete. L ap posib pou pwograme randevou pou moun sa yo koumanse 18 fevriye 2021.

. Vaksen COVID-19 nou genyen kounye a bezwen 2 doz. Ou p ap vaksinen nèt si ou pa resevwa toulede doz yo, epi toulede diz yo ta dwe administre nan menm kote a.

Elijibilite

Moun ki gen 65kan oswa pi gran elijib pou vaksen an apatide 18 fevriye 2021. **Tanpri pa bliye, poutèt demand lan anpil epi rezèv vaksen yo limite, sa gendwa pran plizyèn anvan ou ka fè yon randevou nan yon lokal ki nan zòn ou.** Plis gen rezèv vaksen ki rive nan Massachusetts, se plis randevou ki pral disponib.

Kijan mwen ka fè yon randevou?

Li posib pou pwograme randevou yo sou Entènèt nan vaxfinder.mass.gov. Moun kapab make swa Zipkòd yo oswa non Vil/Minisipalite yo pou jwenn yon randevou anliy. Pandan gen yo demand ki wo anpil ak kantite rezèv vaksen ki pa anpil, n ap kontinye ajoute randevou sou wèbsayt la regilyèman, epi lokal vaksinasyon an mas yo se yo ki gen plis randevou ki disponib. Apatide kounye a, sit vaksinasyon de mas yo afiche randevou yo chak semèn, chak jedi, epi lòt lokal ki pi piti, tankou CVS, afiche pi souvan. Si ou pa kapab jwenn yon randevou, tanpri kontinye tcheke wèbsayt la.

Etap pou fè yon randevou:

1. Al gade nan vaxfinder.mass.gov
2. Make Zipkòd oswa Vil/Minisipalite a pou idantifye yon adrès
3. Pote enfòmasyon enpòtan yo sou w, tankou kat asirans ou an
4. Ranpli fòm oto-deklarasyon an pandan pwosesis pou pwograme yon randevou

Lokal yo ki Bay Vaksen an

Poutèt rezèv vaksen yo limite, **ou gendwa bezwen tann plizyèsèmèn pou kapab pwogram**

yon randevou. Tanpri al gade [wèbpaaj ki liste lokal ki bay vaksen](#) nan Commonwealth la pou lis aktyèl lokal ki louvrè yo, ki gen ladann:

1. **Lokal vaksinasyon an mas**, tankou Gillette Stadium, Fenway Park, Eastfield Mall nan Springfield, DoubleTree Hilton Hotel nan Danvers, Reggie Lewis Center nan Roxbury ak lòt toujou. These sites currently have the most availability for appointments;
2. **Klinik vaksen** rejyonal yon konsèy sante lokal ap jere;
3. **Plis pase 100 Famasi lokal** ak lokal detayan k ap bay bay vaksen an; oswa
4. **Pwopriyete rezidansyèl ou an.** Si ou rete nan [lojman piblik oswa prive bon mache pou senyò ki pa gen anpil revni](#) ka gen yon klinik souplas y ap pwograme; tcheke ak konpayi administrasyon ou an.

Tanpri sonje ke lis sa a pral aktyalize souvan, plis gen nouvo lokal k ap konekte sou Entènèt. **Tout lokal vaksinasyon an mas yo aksesib nan chèz woulant epi kliyan yo pa oblije monte eskalye.** Anpil nan lokal yo gen yon zòn pou lage moun ki gendwa benefisye si yo pa oblije mache anpil disans ak pèsòn p ap blije tann epi fèlake deyò. Sèten lokal gendwa ofri tou asistans pou mobilite. **Gen sèvis tradiksyon nan lang ki disponib pou tout lokal vaksinasyon an mas yo** epi pou anpil lokal vaksinasyon. Tanpri revwa enfòmasyon aksesibilite lokal vaksinasyon ou vle a pou detèmine si se yon bon chwa pou w.

Èd pou Pwograme yon Randevou

Moun ki **pa kapab itilize oswa ki gen difikilte pou jwenn aksè nan Entènèt** pou pwogram yon randevou anliy gendwa rele ***Nimewo Resous Pwogramasyon Vaksen Massachusetts la:***

Rele nan 2-1-1 (877-211-6277) epi swiv enstriksyon yo pou jwenn èd pou pwograme yon randevou

Orè Biwo yo:

Lendi pou jedi soti 8è:30 AM jiska 8è:00 p.m.

Vandredi jiska dimanch soti 8è:30 a,n, jiska 5è:00 p.m.

Nimewo Resous Pwogramasyon Vaksen Massachusetts la disponib ann Anglè ak an Espanyòl epi pral gen tradiktè la pou sipòte rezidan yo nan anviwon 100 lòt lang. Moun pral kapab pale ak yon reprezantan an dirèk nan telefòn la pou ede yo fè yon randevou grasa sistèm anliy Eta a. **Reprezantan sa yo pral gen menm aksè nan randevou yo ak sou wèbsayt piblik la; yo pa gen aksè nan randevou anplis.** Si pa gen randevou ki disponib, moun k ap rele yo pral gen chwa pou yo mete non yo sou lis nimewo telefòn (call back) yo pral rele pou lokal vaksinasyon an mas yo. Moun ki rele a pral resevwa yon kouffil lè yon randevou vin disponib pou yo nan yon lokal vaksinasyon an mas, epi yo pral rele nimewo sou lis la dapre prensip premye moun ki vini a, se premye moun k ap jwenn sèvis.

Pami sèten resous anplis ki gendwa ede w, genyen, men se pa sa sèlman, òganizasyon lokal ki annapre yo:

- [Konsèy Lokal sou Moun k ap Pran Laj \(Local Council on Ageing\) oswa Sant pou Senyò](#)
- Pwen Aksè Rejyonal Sèvis pou Moun k ap Pran Laj (Regional Aging Services Access Points) ([ASAP](#))

Pou moun ki pa kapab kite lakay yo pou ale nan yon randevou medikal si se pa yon anbilans ki mennen yo oubyen si pa gen 2 moun pou ede yo, Commonwealth la angaje li pou asire li ke tout moun ki kalifye pou yon vaksen ap kapab jwenn aksè nan vaksen an. N ap anonse byento enfòmasyon anplis konsènan chwa vaksen yo pou moun sa yo. Tanpri sonje, sèten moun gendwa pa kapab resevwa vaksen an si yo abite nan yon pwopriyete rezidansyèl bon mache pou senyò ki elijib, kote yo prevwa pou òganize yon klinik souplas.

Kritè Elijibilite

Lè w ap pwograme randevou w lan oswa nan moman randevou an, ou pral oblije revwa kritè elijibilite yo epi konfime ou elijib pou resevwa vaksen an. W ap fèdeklarasyon sa a nan telefòn oswa alekri nan lokal vaksinasyon an oubyen sou Entènèt, si w ap itilize yon zouti pwogramasyon randevou anliy. Epi ou kapab swiv enstriksyon anliy yo epi ranpli [Fòm Atestasyon Vaksinasyon COVID-19 Massachusetts la ki disponib sou wèbsayt mass.gov la](#).

W ap bezwen lèt yon doktè oubyen lòt dokiman pou montre ou gen 2 pwoblèm sante oswa plis pami sa yo ki liste anlè a. Ou kapab resevwa vaksen an menmsi ou pa gen asirans sante, yon SSN oubyen yon pyès idantite. Sepandan, si ou gen kèlkeswa enfòmasyon oswa dokiman sa yo, tanpri pote yo avèk ou.

Nou p ap janm mande w pou nimewo kat kredi w oubyen okenn lòt fòm peman pou vaksen an.

Enpòtans ak Sekirite Vaksen COVID-19 la

Vaksen COVID-19 yo san danje. Vaksen COVID-19 ki disponib yo apwouve epi rekòmande pa FDA ak Komite Konsiltatif sou Pratik Iminizasyon (Advisory Committee on Immunization Practices) CDC a daprè tès ak pwosesis apwobasyon estanda. Vaksen yo sibi tè estrik ak gwo esè klinik ki gen ladann patisipan divèifye anvan yo apwouve pou yo itilizasyon yo alawonnbadè. Vaksinasyon se pi bon pwoteksyon pou bese risk pou gen maladi grav akòz COVID-19 la. Si w vaksinen, sa gendwa pwoteje zòt yo ki pre w epi ki poko gen tan pran vaksen an. Si ou bezwen plis enfòmasyon si vaksen an san danje, al gade nan [mass.gov/covidvaccinesafety](https://www.mass.gov/covidvaccinesafety).

Vaksen an pwouve li trè efikas, men li enpòtan pou tout rezidan yo pratike rpevansyon jiskaske yo resevwa toulede doz epi ke kò yo aprann devlope iminite. Pandan vaksen yo pwouve yo efikas pou ede moun ki vaksine a pa tonbe malad grav akòz COVID-19 la, yo poko pwouve ke yo redwi kapasite yon moun pou transmèt lòt moun COVID-19 la. Kontinye kenbe distans sosyal, mete yon mask, evite gwoup epi rete lakay ou si ou santi ou malad.

Si ou gen nenpò preyokipasyon pou pran vaksen an akòz ou gen yon pwoblèm sante, tanpri diskite preyokipasyon sa yo ak doktè swen primè w lan. Si ou bezwen plis enfòmasyon pou konnen si vaksen COVID-19 la san danje, al gade nan www.mass.gov/COVIDVaccineSafety.

Enfòmasyon adisyonèl

Enfòmasyon sou vaksen COVID-19 la pral aktyalize regilyèman. Tanpri itilize resous ki annapre yo tou:

- [Enfòmasyon sou Vaksen COVID-19 la nan Massachusetts](#)
- [Dènye Mizajou sou Vaksen COVID-19 la nan Massachusetts](#)
- [Kwonoloji ak Elijibilite Distribisyon Vaksen COVID-19 la](#)
- [Adrès Kote yo bay Vaksen COVID-19 la Aktyèlman](#)
- [Pwogram Vaksinasyon COVID-19 Massachusetts COVID-19 \(MCVP\)](#)
- [Enfòmasyon pou estaf ak rezidan etablisman swen alontèm, ALR ak Mezon Repo yo](#)
- [Enfòmasyon pou rezidan ak estaf lojman senyò ki bon mache yo](#)
- [Enfòmasyon pou travayè swen sante ki baze nan kay](#)
- [Kesyon Yo Poze Souvan sou Vaksen COVID-19](#)
- [Sekirite Vaksen COVID-19](#)
- [Enskri pou resevwa Alèt pou COVID-19](#)